Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



№ 39 (6778) 11 октябрь 2021 с. Итни РабигIул авал 1443 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Игьали – ЦIаналъ нух къачIана

**Бакълъулазул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов щвана нухал ччукIарал бакIазде**

**Бакълъул районалда тIабигIияб балагьалъул хIасилалда ккараб зараралъул къимат чIезабиялъул хIалтIаби гьаруна. 2021-абилеб соналъул 1-себ октябралда халат рахъун рарал цIадазул хIасилалда Игьали – ЦIаналъ нух тIун букIана 40 метралъул халалъуда ва 30 метралъул гъварилъуда. Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда администрациялъул комиссиялъ бакIалде ун халгьабуна ччукIараб нухалъул. Гьеб нух къачIаялъул хIалтIаби гьаруна «Гумбетовское ДЭП № 10» АОялъ.**



Бащдаб Игьали росу гьекъолеб лъим гьечIого хутIун букIана. Лъим бачIинабиялъул ва ччукIараб нух къачIаялъул масъалаби тIурана.

Нухлулаб идараялъул хIалтIухъабаз, гьел росабазул гIадамазул хIаракаталъ ва сахаватчагIазул кумекалъ тIабигIияб балагьалдалъун ккараб зиян хехго тIагIинабуна.

2021-абилеб соналъул 6-абилеб октябралда МелъелтIа – ЦIиликь нух ччукIана халат рахъун рарал цIадазул хIасилалда. Муниципалитеталъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов нахътIамичIого гьениве халгьабизе ана ва лъазабуна нух гьечIого хутIарал цIилкьадерие хIажатаб чIезабеян.

Гъалип Гъалиповас бакълъулазул росабалъе унел нухазе ккараб зарал Дагъистаналъул транспорталъул ва нухлулаб магIишаталъул министр Ширухан ХIажимурадовасда лъазабуна. Гьес рагIи кьуна хIалтIаби къокъидго ва лъикI гьаризе бажарараб гьабизе бугин. «Гумбетовское ДЭП № 10» АОялъул бетIерав директор Малачи Сурхаевас абуна хIалтIаби гьарун лъугIизегIан ЦIиликье машинаби цогидаб нухасан хьвадизе ругин.

Игьали, ЦIаналъ, ЦIиликь росабазул гIадамаз баркала загьир гьабулеб буго муниципалитеталъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповасе, «Гумбетовское ДЭП №10» АОялъул хIалтIухъабазе ва цогидал кумек гьабуразе.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

## МугIалимасул къо кIодо гьабуна

**Бакълъулазул тIалъи – МелъелтIа цIалул идараялда**

**5-абилеб октябралда, Учителасул къоялъ, Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов федералиял, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул вакилзабигун Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалде щвана. Гьес баркана мугIалимзабазда гьезул махщалилаб байрам, лъай-хъвай гьабуна цIалдохъабазулгун, балагьана лъайкьеяллъул хIалтIи кин гIуцIун бугебали, щвана тIадеги гьабулеб лъайкьеялъул «Точка роста» централде.**




Гъалип Гъалиповасда бихьизабуна централда бугеб гьанжесеб заманалъул тIалабазда рекъараб техника. Районалъул администрациялъул вакилзабазул ва школалъул мугIалимзабазул дандчIвай ана рохалилаб ахIвал-хIалалда. Бакълъулазул нухмалъулесул ишал тIуралес гьарана школалъул хIалтIухъабазе щулияб сахлъи, махщалилал бергьенлъаби, сундулъго битIккей.

МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухIамадовалъ баркала загьир гьабуна муниципалиталъул тIалъиялъе мугIалимзаби кIодо гьаруралъухъ, цIалдохъабазул ва школалъул тIалабал тIуразе квербакъаралъухъ.

Бакълъул районалъул нухмалъулез кIудияб кIвар буссинабула лъайкьей цебетIеялде, щибаб лъимадул гьунар загьир гьабизе шартIал гIуцIиялъе. Гьедин, муниципалитеталъул росабалъ нухдаинаруна ва гьарулел руго «Росдал мугIалим», «100 школа» ва цогидал батIи-батIиял федералиял ва республикаялъулал проектал.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гъалип Гъалипов: «Нилъер масъала – районалъул гIадамазул гIумру лъикIлъизаби, гьезул суалал гIужда тIурай»
- 2 гьум.



Бакълъулазул росабалъ – МугIалимасул къо
- 2 гьум.



«Жалго херлъаниги, ракIал бахIарал»
- 2 - 3 гьум.



«ХIинкъи гьечIолъиялъул дарсал»
- 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Гъалип Гъалипов: «Нилъер масъала – районалъул гIадамазул гIумру лъикIлъизаби, гьезул суалал гIужда тIурай»

### Халкъалъул къадаралъул хIисаб гьабиялъулги бицана

**2021-абилеб соналъул 4-абилеб октябралда Бакълъул районалъул администрациялда иргадулаб хIалтIулаб данделъи тIобитIана. Гьенир халгъабуна муниципалитеталъул социалиябгун экономическияб ва цогидал рахъал церетIеялъул, киналго федералиял, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул хIалтIул хIасилал лъикIлъиялъул суалазул.**



Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна администрациялъул нухмалъулесул заместитель Малик Маликовас, финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас, экономикияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас, муниципалиталъул ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралей Марям Жанахъаевалъ, районалъул культураялъул ва туризмалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас ва цогидаз.

Дандеруссиналъул гIахьалчагIаз баян гьабуна анкьил хIалтIул хIасилазул. Гьедин, Дагъистанстаталъул Бакълъул мухъалда вугев бетIерав махщалилав МухIамад Лабазановас бицана ТIолгороссиялъулаб халкъалъул къадаралъул хIисаб гьабиялде хIадурлъиялъул. Гьесул рагIабазда рекъон, районалда контролерал цIализариялъул тадбирал тIоритIана, гьезухъе планшетал ва цогидал хъвайхъвагIай гьабизе хIажатал алаталги къуна. МухIамад Лабазановас бицана цогидал, ВПН-2020 тIобитIулаго, кIвар кьезе кколел суалазул.

Бакълъул районалда бугеб МФЦялъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовасул рагIабазда рекъон, гьесул жавабчилъиялда бугеб идараялъ, гIадамазул муниципалиял ва хIукуматалъулал хIажатал тIуразе къабул гьабун буго 1300 гIарза. Гьединго гьес баян гьабуна ДРялъул Минэкономразвитияль «Дагъистаналъул мугIрузул ракьазул социалиябгун экономикияб цебетIей» абураб программаялда рекъон кумек гьабизе гIарзаби къабул гьариялъул.

Бакълъул районалъул ветуправлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас бицана хасалил мучIдузде гIи-боцIи гочинабизе хIажатал тадбирал тIоритIиялъул.

«Пушкинил карта» абураб проект гIумруялде бахъинабулеб букIиналъул рехсана муниципалитеталъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас. Гьесул лъазабиялда рекъон, хIукуматалъ картаялде рехизе буго хасаб къадар гIарцул, жиндаги рес кьолеб Россиялъул 14- 22 сон барал гIадамазе музеяздe, церелъеязде, театразде ине.

Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна муниципалиталъул культураялъул ва туризмалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановасе «Умумузул ирс» абураб ДАССРалъ нусго сон баялъул хIурматалда ва гIолилазулгун лъималазул кьурдулаб «ВатIан» къокъаялъул нухмалъулев, Россиялъул ва Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъав хIалтIухъан, ЛъаратIа росулъа ГIали МухIамадгIалиевасул творческияб хIалтIул 55 сон тIубаялда хурхун, фестиваль лъикI гIуцIаралъухъ.

Дандельиялъул ахиралда Гъалип Гъалиповас хитIаб гьабуна бакълъулазул тIалабал хехго ва лъикI тIуразе хIаракат бахъеян.

«Нилъер масъала – районалъул гIадамазул гIумру лъикIлъизаби, гьезул суалал гIужда тIурай, цIиял гIелал церетIезе санагIатал шартIал чIезари, гьединлъидал нилъер борч буго хIалтIул хIасилал лъикIлъулеб хIалалда тIадал ишал тIурай ва гъеж гурун хIалтIи», – ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Зугьра ГIабдулкъадирова

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## МелъелтIа ва Игьали спортивиял залазул халгьабуна

### ЦIиял гIелазе церетIезе шартIал чIезари

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда муниципалиталъул администрациялда тIобитIана цIалул идарабазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул ва цогидал кIвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи. Гьенир гIахьаллъана лъайкьеялъул идараялъул вакилзаби, ясли-ахазул нухмалъулел, бегавулзаби, Россиялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъаби ва цогидал.**



ЦIа ккеялдаса цIуниялъул, такъсирчилъиялда дандечIеялъул, хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул суалазе кIудияб кIвар кьуна полициялъул хIалтIухъабаз. Гьезул рагIабазда рекъон, цIиял гIелазда гьоркьор тадбирал цIикIкIун гьаризе ккола наркоманиялдаса, экстремизмалдаса гьел ричIад гьаризе мурадалда.

Дандеруссиналда гьединго халгьабуна киналго тайпабазул налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъизариялъул, цIалул идарабазда ва ясли-ахазда хинлъи чIезабиялъул.

Муниципалиталъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов ва администрациялъул цогидал махщалилал МелъелтIа спортивияб залалде щвана, халгьабуна гьениб бугеб ахIвал-хIалалъул, тIуразе хIажатал суалазул. Гьединго гьез халгьабуна Игьали росдал спортивияб кIалгIа кьачIаялъул хIалтIабазул.

Гъалип Гъалипов дандчIвана Игьали росдал администрациялъул вакилзабигун, хIисабалде росана росулъ ругел гIунгутIаби ва рорхарал суалал тIуразе тIадкъаял къуна.

Макка МухIамадова

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ...

## Бакълъулазул росабалъ – МугIалимасул къо

### Маданиял тадбирал, сапарал, торгIо хIай...

**Щуабилеб октябралда инсаниталъ тIобитIула МугIалимасул къо. ГIелмабазул бокьи рахаразул, пачалихъазул нухмалъулезул ва цогидал махщалилазулгицебетIеялъул кьучI – мугIалимасул дарсал. Бакълъулазул росабалъ гьеб байрамалъул хIурматалда тIоритIана батIи-батIиял рекIее асар гьабулел тадбирал.**

Гьедин, МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъ ва росдал библиотекаялъул нухмалъулей Умижат Халидовалъ, МелъелтIа росдал аслияб школалъул мугIалимзабиги ракIарун, тадбир гIуцIана. Рохалилаб, аваданаб ахIвалхIалалда ана гьеб байрам, гьаруна лъикIал гьара-рахьиял, кьуна сайгъатал.

МугIалимасул къоялъул хIурматалда ЧIикь росулъ маданияталъул вакилзабазул, школалъул хIалтIухъабазул ва росдал администрациялъул хIаракаталда торгIо хIаялъул кьец тIобитIана лъималазда гьоркьоб.

Гьарадирихъ аслияб школалдаги кIодо гьабуна гьеб байрам. Гьедин, лъайкьеялъул захIматалъул ветераналги ахIун, рохалилаб тадбир гIуцIана маданияталъул хIалтIухъабаз. КДЦялъул нухмалъулей Анисат НурмухIамадовалъ баркана мугIалимзабазда ва гьарана щулияб сахлъи, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

«Хасго нилъер гIолохъанал мугIалимзабазе гьаризе бокьун буго хIасилал лъикIлъулеб хIалалда жидер хъулухъ тIубазе гьунар ва битIккей. Кьеги тавпикъ цIиял гIелазе лъай кьезе»,- ян абуна Анисат НурмухIамадовалъ.

ЦIияб Данухъ, ЛъаратIа, ЦIияб Аргъвани росабалъги кIодо гьабуна гьеб къо. «Гьаб рохалилаб байрам, МугIалимасул къо, 1965-абилеб соналъул 29-абилеб сентябралда байбихьана СССРалда тIобитIизе. МугIалим – захIматаб, кьимат тIокIаб махщел. РакIбацIцIадго жидер борч борхулел мугIалимзаби цIикIкIараб пачалихъ щаклъи гьечIого сундулъго цебетIураб букIуна. Гьарула нужее сахлъи, икъбал ва кинабго лъикIабщинаб», – ян абуна Аргъвани росдал КДЦялъул нухмалъулей Напилат Къадиевалъ.

2021-абилеб соналъул 5-абилеб октябралда ТIад Инхо росдал цIалдохъабаз баркала загьир гьабуна киналго мугIалимазе, цIалана жидецаго хъварал кучIдул, рихьизаруна батIи-батIиял церерахьинал.

Нарыш росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ПатIимат ТIалхIатовалъ мугIалимазе гIуцIана шайих СагIид-Афандиясул (къ.с.) зияраталде сапар, гьединго гьел щвана «Главрыба» турккомплексалдеги.

Зугьра ГIабдулкъадирова

ХЕРАЛ МАГIАРУЛАЛ, НУЖЕР ЦО РАГIИ...

## «Жалго херлъаниги, ракIал бахIарал»

### Харабазул къо кIодо гьабуна

**Бакълъул районалда Халкъазда гьоркьосеб харабазул къо кIодо гьабуна. Росабалъ маданияталъул хIалтIухъабаз, библиотекабазул нухмалъулез харабазул гIахьаллъигун батIи-батIиял тадбирал тIоритIана ва гьезухъе гьоболлъухъ щвана.**

рукIкIалаби ритIизарила» абураб тадбир тIобитIана. Гьеб гIуцIаразул рагIабазда рекъон, тадбир тIобитIиялъул мурад букIана харабазда жидедехун бугеб хIурмат, рокьи бихьизаби, гIун бачIунеб гIелазе лъикIаб мисал кьей. МелъелтIа росдал бегавул МухIамад



Гьедин, МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъ ва росдал библиотекаялъул нухмалъулей Умижат Халидовалъ «Хъатал хин гьарила, ГIабдунасировас ва ГIазра РурухIмаевалъ баркана харабазда гьезул къо, гьарана щулияб сахлъи, талихIаб ва халатаб гIумру.

(Ахир - 3 - аб. гьумералда)

РИТМ ГУМБЕТА

## Хаджимурад Магомедов поздравил с Днём учителя

**Депутат Народного Собрания Дагестана VII созыва Хаджимурад Магомедов поздравил учителей Гумбетовского района с профессиональным праздником.**



«Уважаемые педагоги Гумбетовского района! Искренне поздравляю вас с профессиональным праздником – с Днем учителя! В жизни каждого человека большое место занимает учитель. Реализации образовательной политики в нашей стране уделяется пристальное внимание. Президент России Владимир Владимирович Путин воплощает в жизнь в стране социально ориентированный курс.

Федеральный центр оказывает колоссальную помощь Дагестану. Врио Главы РД Сергей Алимович Меликов инициировал в республике строительство новых школ и садиков. В День учителя желаю педагогам Гумбетовского района крепкого здоровья, счастья, успехов во всех благих начинаниях», – говорится в поздравительном тексте депутата Народного Собрания РД Хаджимурада Магомедова.

БАРКИ

## Мавлид – умматалъего рохел

**ТIаде щвана жинда жанив хирияв ХIабиб (с.т.гI.в.) гьавураб РабигIул авал моцI.**




Авараг (с.т.гI.в.) гьавураб гьеб моцI гьев хирияв бусурбабаз салат битIун, мавлидал ахIун, аварагасул гIумруялъул бицунел мажлисал тIоритIун, кIодо гьабула. Кинало рохелаздалъунги ва тIолалго лъикIлъабаздалъунги вачIарав инсанлъун ккола хирияв авараг (с.т.гI.в.). ХIабиб гьави – инсаниятальe кIудияб сайгъат. Аллагьги аварагги разилъулеб хIалалъ тIобитIизе хIал кьеги нилъее хирияб мавлидалъул моцI. Амин.

**«Гумбет район»**

**муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов**

РИТМ ГУМБЕТА

## В Гумбете прошло совещание сотрудников отдела образования

**Накануне в селе Мехельта Гумбетовского района прошло совещание представителей отдела образования муниципалитета, в рамках которого рассмотрели вопросы развития государственной политики в области образования, соблюдения образовательными учреждениями положений, норм и правил, а также были обсуждены организационные и прочие актуальные вопросы.**



Открыл и вел совещание руководитель отдела образования района Гассан Алигаджиев.

В завершение мероприятия в целях достижения высоких результатов в образовательной сфере Гумбета был определен приоритетный круг задач, распределены обязанности между сотрудниками отдела, а также даны поручения по обсуждаемым вопросам.

**«Гумбет» РИО**

## «Жалго херлъаниги, ракIал бахIарал»

**(Байбихьи - 2 - аб. гьум.)**

Гъоркьа Гьарадирихъ росдал КДЦялъул нухмалъулей Анисат НурмухIамадовалъ «Жалго херлъаниги, ракIал бахIарал» абураб тадбир тIобитIана. Харабазухъе рокъое щун, Анисатица гьезие баян гьабуна гьеб кIвар цIикIкIараб байрам лъугьараб куцалъул. Харабазул къо – нилъер умумузул, кIудадабазул, кIодабазул гIумрудул нух ракIалде щвезабулеб байрам.

Ригь арал гIадамазул къо баркизе ХIандула ТIагьировасухъе щвана Килалъ росдал маданияталъул вакилзаби. Гьез баркана гьесда ва гьесул хъизаналда 65 соналъ цадахъ гIумру тIами гьаби. Гьединго гьел щвана цадахъ 55 сон барал Садикъовазул хъизаналъухъе гьоболлъухъги.

«РакI херлъуларо» абураб ахIиялда гъоркь ЦIияб Аргъвани росдал библиотекаялъул нухмалъулей Багистан ГIумаровалъ ва КДЦялъул нухмалъулей Напилат Къадиевалъ харабазул къоялда хурхараб тадбир гIуцIана. Жидерго тIалабалда ругезе гьез росана газетал, журналал ва цогидал сайгъатал. Борцана температура, бидул кьаби.

ГIемерал соназ колхозалда хIалтIарал Ордашовазул хъизаналъухъе щвана Щабдухъ росдал КДЦялъул нухмалъулей Раисат Абакарова. Гьединго Бакълъулазул цогидал росабазул харабаздаги баркана гьезул байрам.

Гьел тадбирал гIуцIаразул рагIабазда рекъон, ригь арал гIадамазул адаб гьаби, гьезул гIунгутIабазде кIвар кьей ккола щивасда тIадаб иш. Гьезул гъваридаб гIакълуги, гIумрудул хIалбихьиги, баракатги жамгIияталъе цIакъ хIажатаб буго.

**Макка МухIамадова**

СТРАНА ГОР

## Абдулрашид Садулаев – пятикратный чемпион мира

**Двукратный олимпийский чемпион Абдулрашид Садулаев стал пятикратным чемпионом мира, завоевав золото чемпиона мира по вольной борьбе в Осло (Норвегия).**




В весовой категории до 97 кг Садулаев в финале со счетом 6:0 одолел представителя США Кайла Снайдера. Прославленного спортсмена с победой поздравили Президент России Владимир Путин и врио Главы РД Сергей Меликов. Об этом сообщают их официальные ресурсы.

И. о. главы МР «Гумбетовский район» Галип Галипов также поздравил Абдулрашида Садулаева с уверенной победой на чемпионате мира и пожелал ему всего наилучшего.

**«Гумбет» РИО**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

## «ХIинкъи гьечIолъиялъул дарсал»

### Лъималазе пайдаял малъа-хъваял гьаруна

**Балугълъиялде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспектор, полициялъул кIудияв инспектор ГIалиасхIаб Юсуповас, полициялъул участковияз, Бакълъул районалда бугеб ОГИБДДялъул хIалтIухъабаз, муниципалиталъул АТКялъул махщалилас, росдал бегавулзабазул ва диниял хIалтIухъабазул гIахьаллъигун тIобитIана районалъул школазда «ХIинкъи гьечIолъиялъул дарсал» абураб тадбирал.**

ГIалиасхIаб Юсуповас лъималазе баян гьабуна такъсир гьабизе бегьунгутIиялъул, жамгIияталъул гIадлу хвезабуралъухъ чан сон барал даса туснахъалда тIамулел ва цогидаб жавабчилъиялде ахIиялъул, сахлъиялъе зарал бугел, мехтизарулел жал гьекъезе бегьунгутIиялъул. Гьединго гьес лъималазе бицана рокъорги къватIирги цIунизе тIадал ишазул.

Районалъул АТКялъул специалистас баян гьабуна терроризмалдаса ва экстремизмалдаса рикIкIалъизе кколеблъиялъул. Гьес нахъеги гьезие бицана, Россиялъул къануналда данде кколарел терроризмалда хурхарал сипатал тIиритIизаруни, жавабчилъиялде ахIулеблъиялъул.

Гьел тадбиразулъ гIахьаллъарал цIа ккеялдаса цIуниялъул идараялъул хIалтIухъабаз цIалдохъабазе бицана цIа ккечIого букIине гьаризе тIадал ишазул. Цогидал данделъиялда гIахьаллъаразги баянал гьаруна лъималазе.

Гьедин, диниял хIалтIухъабаз бицана киназулъго адабалда рукIиналъ лъикIлъиялде рачунеблъиялъул, щиб бугониги иш лъикI гьабизе хIаракат бахъиялъ инсанасул къадрукъимат борхизабулеблъиялъул ва цогидал лъикIал гIамалазул ва ишазул.

**«Гумбет» РИО**

БАРКИ

## Баркула росдал магIишаталъул хIалтIухъабазда

**ХIурматиял росдал магIишаталъул хIалтIухъаби! Къабул гьабе «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркви.**

Профессионалияб байрамгун, росдал магIишаталъул хIалтIухъаби – гIухьби, дояркаби, механизаторал, лъалъадухъаби, СПКязул хIалтIухъаби, захIматалъул ветераналl! Нужеца гIезарурал нигIматаз бечед гьаруна щивасда рокъор столал, камугеги батIи-батIияб кванил нигIматал рокъоса. Байрамалда мустахIикъаб дандчIвай гьабизелъун районалъул росдал магIишаталъул хIалтIухъабаз бергьенлъаби росана тIощел, гьан, рахь, квас, пихь гIезабиялъуль. РакIчIараб буго хадубккунги росдал магIишаталъул аслияб бутIаби – хурухъанлъи, гIибоцIухъанлъи, ахихъанлъи цебетIезабиялда жеги лъикIал хIасилал росизе рукIиналда. Гьарула нужее халатаб гIумру, щулияб сахлъи, росдал магIишаталъул нигIматал гIезариялъулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет район»**
**муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев**
**Гъалип Гъалипов**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Изменения в порядке перевода денежных средств

**Федеральная налоговая служба сообщает, что с 01 октября 2021 года вступают в силу положения приказа Министерства финансов Российской Федерации от 14.09.2020 № 199н «О внесении изменений в приказ Министерства финансов Российской Федерации от 12 ноября 2013 г. № 107н «Об утверждении правил указания информации в реквизитах распоряжений о переводе денежных средств в уплату платежей в бюджетную систему Российской Федерации» (зарегистрирован в Минюсте России 15 октября 2020 г. №60400).**

Изменения касаются порядка указания информации, идентифицирующей платеж, а также плательщика, составившего распоряжение о переводе денежных средств, в уплату платежей, администрируемых налоговыми органами, а именно:

1. В Правила указания информации, идентифицирующей платеж, в распоряжениях о переводе денежных средств в уплату налогов, сборов, страховых взносов и иных платежей в бюджетную систему Российской Федерации (далее - Распоряжение), администрируемых налоговыми органами (приложение № 2 к приказу Минфина России от 12.11.2013 107н) внесены следующие изменения:

При заполнении реквизита «106» Распоряжения из перечня допустимых значений основания платежа исключаются значения «ТР», «ПР», «АП» и «АР».

В случае погашения задолженности по таким основаниям в поле «106» распоряжения указывается значение «ЗД», а в поле «108» в номере документа первые два знака обозначают вид документа, например:

«ТР0000000000000» - номер требования налогового органа об уплате налога (сбора, страховых взносов);

«ПР0000000000000» - номер решения о приостановлении взыскания;

«АП0000000000000» - номер решения о привлечении к ответственности за совершение налогового правонарушения или об отказе в привлечении к ответственности за совершение налогового правонарушения;

«АР0000000000000» - номер исполнительного документа (исполнительного производства).

Номер документа указывается после буквенного значения вида документа и должен четко соответствовать значениям и количеству знаков, указанным в соответствующем требовании, решении или исполнительном документе.

Например, при погашении требования налогового органа об уплате налога (сбора, страховых взносов) №41797, в поле «108» распоряжения должно быть указано: «ТР41797».

В случае добровольного погашения задолженности по налоговым платежам при отсутствии документа взыскания и указания в реквизите «106» Распоряжения значения основания платежа «ЗД», в показателе «108» («номер документа») указывается значение «0».

2. В Правила указания информации, идентифицирующей лицо или орган, составивший распоряжение о переводе денежных средств в уплату платежей в бюджетную систему Российской Федерации (приложение № 5 к приказу Минфина России от 12.11.2013 107н) внесены следующие изменения:

1) Исключены следующие статусы, идентифицирующие лицо или орган, составившие Распоряжение:

- «09» - налогоплательщик (плательщик сборов, страховых взносов и иных платежей, администрируемых налоговыми органами) - индивидуальный предприниматель;
- «10» - налогоплательщик (плательщик сборов, страховых взносов и иных платежей, администрируемых налоговыми органами) - нотариус, занимающийся частной практикой;
- «11» - налогоплательщик (плательщик сборов, страховых взносов и иных платежей, администрируемых налоговыми органами) - адвокат, учредивший адвокатский кабинет;
- «12» - налогоплательщик (плательщик сборов, страховых взносов и иных платежей, администрируемых налоговыми органами) - глава крестьянского (фермерского) хозяйства;
- «21» - ответственный участник консолидированной группы налогоплательщиков;
- «22» - участник консолидированной группы налогоплательщиков;
- «25» - банки-гаранты, составившие распоряжение о переводе денежных средств в бюджетную систему Российской Федерации при возврате налога на добавленную стоимость, излишне полученной налогоплательщиком (зачтенной ему) в заявительном порядке, а также при уплате акцизов, исчисленных по операциям реализации подакцизных товаров за пределы территории Российской Федерации, и акцизов по алкогольной и (или) подакцизной спиртосодержащей продукции;
- «26» - учредители (участники) должника, собственники имущества должника - унитарного предприятия или третьи лица, составившие распоряжение о переводе денежных средств на погашение требований к должнику по уплате обязательных платежей, включенных в реестр требований кредиторов, в ходе процедур, применяемых в деле о банкротстве.

2) Изменено наименование значения статуса «13», которое изложено в следующей редакции: «13» - налогоплательщик (плательщик сборов, страховых взносов и иных платежей, администрируемых налоговыми органами) - физическое лицо, индивидуальный предприниматель, нотариус, занимающийся частной практикой, адвокат, учредивший адвокатский кабинет, глава крестьянского (фермерского) хозяйства.

**Межрайонная инспекция Федеральной налоговой службы № 12 по Республике Дагестан**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ05

## Далгат Муртазалиев: «Здоровье - это наивысшая ценность»

**Заместитель директора Арадирихской средней школы Гумбета Муртазалиев Далгат Сулейманович напомнил людям о важности прохождения профилактических прививок против COVID-19.**

«Ассаламу галайкум, уважаемые гумбетовцы! Здоровье граждан охраняется государством, здоровье – это наивысшая ценность. Призываю вас не пренебрегать вопросами здоровья и пройти вакцинации против COVID-19», – подчеркнул Далгат Муртазалиев.

Отметим, что пройти вакцинации против COVID-19 можно в прививочном пункте, расположенном в Гумбетовской районной поликлинике.

**«Гумбет» РИО**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает про безопасное использование газового оборудования в период низких температур

**Осенне-зимний период - самый ответственный этап в работе газового хозяйства, так как в зимних условиях нагрузка на газораспределительные сети максимальная.**

Гражданам, чтобы обезопасить себя, необходимо регулярно самостоятельно проверять тягу в дымоходах и вентканалах (проводить её следует до момента включения оборудо-




вания, а также периодически во время его работы). При отсутствии тяги необходимо незамедлительно прекратить использование газового прибора.

В последнее время в Республике Дагестан отмечается рост несчастных случаев, связанных с отравлением угарным газом при использовании газового оборудования. Основной причиной инцидентов является отсутствие тяги в дымовых и вентиляционных каналах, а также использование в быту несертифицированного оборудования.

Перед началом отопительного сезона специалисты «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминают абонентам, что в период перепада температур, установлении морозов, сильном ветре возможна закупорка дымоходов. При обмерзании дымохода или его засорении прекращается тяга в дымовом канале, что приводит к выходу угарного газа в помещение.

«Очень важно проявить сознательность и провести проверки дымоходов и вентканалов, а при необходимости очистить их. Нескольких минут достаточно для отравления и летального исхода. Угарный газ опасен тем, что совершенно не имеет запаха. О присутствии газа нельзя узнать, пока не почувствуешь недомогание, а для отравления достаточно небольшого его количества. Недаром его называют «тихим убийцей», - сказал гендиректор Александр Давыдов.

Потребителям также следует помнить, что во время работы газового оборудования, особенно газовых котлов и водонагревателей, необходимо обеспечить циркуляцию воздуха – в помещении должны быть открыты форточка или фрамуга.

Об авариях, утечках газа, неисправностях бытового газоиспользующего оборудования и приборов учета потребления газа и иных нарушениях, возникающих при пользовании газом, необходимо немедленно сообщить из незагазованного помещения в аварийную газовую службу по телефону 04; с мобильного телефона любого оператора – телефон 104, 112.

Номер «Горячей линии» ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» для потребителей газа 8 - 800 - 200 - 98 - 04.

**Контактные телефоны: 8(8722) 51-56-55 для СМИ 8(988)988-00-99**

**E-mail: f0050146@dagrgk.ru; hadya_ne@mail.ru**

**ПРЕСС-СЛУЖБА ООО «ГАЗПРОМ МЕЖРЕГИОНГАЗ МАХАЧКАЛА»**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович Гiизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулхIадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.